

BRIDGEPORT

NOUVÈL SOU EDIKASYON

DEPATMAN EDIKASYON ETA CONNECTICUT

ME 2026

Mesaj Komisè a

Chè fanmi, anseyan, ak manm kominote a nan Bridgeport,

Antan n ap pwoche fen ane lekòl la, mwen vle reflechi sou travay nou te antreprann ansanm nan, ak sa li vle di pou 19,380 elèv ki nan Lekòl Piblik Bridgeport yo (Bridgeport Public Schools). Depi nan kòmansman, Depatman Edikasyon Eta Connecticut la (Connecticut State Department of Education, CSDE) t ap travay pou kanpe ansanm avèk kominote Bridgeport la—pou koute, pou kore, ak pou ranfòse sistèm k ap sèvi pitit ou yo.

Pandan ane pase a, nou te travay avèk dirijan yo nan distrik la pou estabilize operasyon yo ak pou kòmanse rebati yon fondasyon pi solid pou lavni. Sa te vle di konsantre sou sa ki pi enpòtan pou pifò fanmi yo: garanti elèv yo rive lekòl san danje, ranfòse sipò yo pou elèv ki gen diferan bezwen nan zafè aprantisaj, ak ofri distrik la zouti ak fòmasyon pou pote ansèyman kalite siperyè.

Pou fanmi yo, travay sa a parèt nan transpò pi fyab ak kominikasyon pi klè. Pou anseyan yo, sa vle di sipò pedagogik pi solid. Epi pou elèv yo, sa vle di yon anviwònman pi estab, pi pozitif, ki santre sou reyisit yo. Nou wè siy pwogrè ankourajan tou, tankou plis prezans—se yon gwo pa nan direksyon kenbe elèv yo konekte, angaje, ak sou bon chimen pou aprann.

Anmenmtan, nou te konsantre sou ranfòse gouvènans lan, pratik finansye yo, sistèm operasyonèl yo, epi sou garanti chak dola vin pi byen depanse pou bezwen elèv yo.

Nou konnen gen travay ki rete toujou. Antan n ap tann pwochèn ane lekòl la, nou kwè Lekòl Piblik Bridgeport yo vin nan yon pi bon pozisyon pou vanse pi devan, avèk sistèm ki bay rezilta, pi bon estabilite, ak yon konsantrasyon renouvle sou sa ki pi enpòtan—elèv yo ak manm pèsonèl sa yo k ap kore yo.

N ap remèsye dirijan distrik la ak vil la, delegasyon lejislatif Bridgeport la, ak Gouvènè Lamont pou devouman yo tout montre pou elèv yo ak fanmi yo nan Bridgeport. Ansanm, nou pral kontinye ajoute sou pwogrè sou deja fè yo, pou garanti chak elèv ka jwenn chans li merite a pou li reyalize potansyèl li nèt pandan tout lavi li.

Salitasyon kolaboratè w la,
Komisè Charlene M. Russell-Tucker

Kalandriye Entèvansyon

22 janvyè 2025 – Konsèy Edikasyon Eta a (State Board of Education) bay Komisè a otorizasyon pou li okipe estabilite operasyon yo nan Lekòl Piblik Bridgeport yo, pou li amelyore rezilta elèv yo—avèk yon konsantrasyon sou elèv k ap resevwa sèvis ansèyman espesyal—epi pou li okipe lòt bezwen nan distrik la si li ta jije sa nesèsè.

20 fevriye 2025 – Komisè Edikasyon an rasanble yon Ekip Asistans Teknik (Ekip) pou Lekòl Piblik Bridgeport yo epi li apwouve yon fòmasyon sou gouvènans pou Konsèy Edikasyon Bridgeport la. **Apati de fevriye jiska fen mas, Ekip la te anime 58 Seyans Koute avèk elèv yo, pèsonèl la, ak manm kominote a;** li te òganize yon bann reyinyon avèk distrik la ak direksyon lekòl yo; epi li te fè plis pase 20 vizit obsèvasyon nan saldeklas.

Me 2025 – Komisè Edikasyon an te pran CliftonLarsonAllen LLP pou fè yon odit investigasyon sou bidjè fonksyonman distrik la pou ane fiskal 2024 ak 2025 yo, pou detèmine si depans yo aliyen avèk alokasyon ki nan bidjè a, epi si se pa sa, pou idantifye baz move aliyman sa a.

Oktòb 2025 – Komisè Edikasyon an te pran Public Works, LLC pou pote sipò dirèk pou distrik la pou aplike rekòmandasyon pou zafè taks ak resous imen ki te soti nan odit investigasyon an.

Bridgeport Nouvèl sou Edikasyon

Enpak Pèsonèl CSDE a ak Sipò Ekip la nan Lekòl Piblik Bridgeport yo depi fevriye 2025

Kounye a, Gen Yon Pwosesis Etablisman Bidjè ki Pi Òganize ak Pi Transparan

- Te peye pou yon Odit Envestigasyon ki te idantifye 34 rekòmandasyon pou amelyore pwosesis pou taks ak resous imen yo.
- Te peye pou yon founisè sèvis k ap pote sipò dirèk nan elaborasyon sistèm k ap aplike 34 rekòmandasyon ki soti nan Odit Envestigasyon an.
- Te kòmanse elaborasyon bidjè 2026-27 direktè rejyonal la te pwopoze a ak yon pwosesis ki te enkli dirijan lekòl yo.
- Te peye \$875,000 pou otobis, pou anpeche pou distans elèv yo gen pou mache yo ogmante.
- Te revize kontra founisè yo nan zafè transpò, ranplasan pwofesè, pèsonèl lekòl, ak founisè sèvis, pou garanti yon itilizasyon resous efikas ak ekonomik.
- Te dirije efò pou idantifye ak rejwenn plis pase 12 milyon dola, gras a ranfòsman kontwòl fiskal la, ki gen ladan l ansèyman espesyal ak optimizasyon efektif yo, ranbousman Medicaid ak depans anplis yo, ak egzamen reklamasyon ak bòdwo pou swen sante yo.

Pral Gen Plis Kontwòl sou Sèvis Ansèyman Espesyal yo

- Te bay distrik la enstriksyon pou li fè vizit sou plas regilyèman, epi pou li fè rapò sou kalite tout founisè ansèyman espesyal ki soti deyò distrik la, pou verifye elèv ki gen andikap yo ap resevwa ansèyman kalite siperyè.
- Te kòmanse elaborasyon yon mwayèn referans pou klas ansèyman espesyal otonòm yo, pou amelyore kalite pwogram yo nan tout distrik la nèt.
- Te pote Fòmasyon Kalite Siperyè nan Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) pou pèsonèl administratif la ak anseyan espesyal sètifye yo pou amelyore kapasite distrik la pou li elabore IEP yo.
- Te elaji Komite Konsiltatif Paran sou Ansèyman Espesyal la pou ranfòse kominikasyon avèk fanmi yo.
- Te ofri plizyè jounen fòmasyon pou administratè lekòl ak ansèyman espesyal yo, sou sijè

anviwònman ki gen mwens restriksyon an, lwa sou ansèyman espesyal yo, ansèyman kowòdone nan saldeklas, ak akonpayman pedagogik pou pwofesè yo ak sèvis asosye yo, pou amelyore kalite ansèyman espesyal la.

Sistèm Rekrutman Pèsonèl ak Soutyen Pedagogik yo Kontinye Ap Amelyore

- Te entèveni pou ofri estrateji pou rekrutman ak anbochay pou redui kantite pòs pèsonèl sètifye vid yo pou ete 2025 la, soti nan plis pase 100 pou rive a 41, pou garanti plis elèv ka jwenn pèsonèl ki sètifye.
- Te kowòdone fòmasyon pwofesyonèl pou anseyan sètifye yo nan zafè soutyen pedagogik pou Elèv k ap Aprann Anglè/Elèv k ap Aprann nan Plizyè Lang, alfabetizasyon depi nan klas Kindègadenn rive nan 5yèm Ane, STEM, ak Sistèm Sipò Plizyè Nivo.
- Te kowòdone retou fòmasyon pwofesyonèl nan Modèl Alfabetizasyon Connecticut la (Connecticut Literacy Model) pou amelyore sistèm yo ak soutyen yo pou alfabetizasyon nan klas primè yo.
- To kore distrik la pou remete pwogram sispansyon anndan lekòl la pou elèv yo ka vin lekòl menm lè yo nan sispansyon.

Gouvènans Konsèy la ak Operasyon Lekòl yo ap Kontinye Solidifye

- Te defini atant klè pou Konsèy Edikasyon Bridgeport la pou yo mete règleman administratif yo ajou anvan lansman rechèch direktè rejyonal la.
- Te ofri fòmasyon pou 27 vizitè lakay yo nan Pwogram pou Angajman ak Prezans Elèv yo (Learner Engagement and Attendance Program, LEAP), sa ki te pote yon bès 2.6 pousan nan to absanteyis kwonik la nan distrik la ant fevriye 2025 ak fevriye 2026.
- Te kòmanse plizyè seyans pou koute elèv yo, pou ede pèsonèl distrik la amelyore kalite manje midi yo nan lekòl yo.
- Te negosye avèk CTState onon distrik la pou jwenn yon lokal pou Biwo Santral Enskripsyon (Central Registrar) Lekòl Piblik Bridgeport yo.



Pou ansyen nouvèl sou edikasyon nan Bridgeport, kominike de près, ak rapò yo te remèt Konsèy Edikasyon Eta a, eskane kòd QR la oswa klike sou li, oswa ale sou <https://portal.ct.gov/sde/board/state-board-of-education/bridgeport-intervention>.